



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE NOUVO LWA POU PWOTEJE KONSOMATÈ YO
EPI KENBE LAJAN NAN PÒCH NOUYÒKÈ YO**

Egzije yon entèval 30 jou pou retou, sa ki ofri konsomatè yo yon estanda inifòm

*Pwoteje w kont sit entènèt ki itilize done pèsònèl pou fikse pri san konsomatè yo
pa konnen*

Konbat frè bank eksestif ki vize kliyan ki gen ti revni

*Règleman prè "Achte Kounye a, Peye Pita" epi etabli kad pou bay lisans ak
sipèvizyon*

*Rann li pi fasil pou konsomatè yo anile oswa renouvle abònman atravè yon
pwosesis pi senp ak pi transparan*

Fòse konpayi sèvis enèji yo retounen lajan yo pa reklame yo bay kliyan yo

Konbat eksplwatasyon finansye granmoun aje yo ak pwoteje kont aktivite fwod

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo pwopozisyon pou pwoteje konsomatè Nouyòk yo nan kad diskou sou Eta Leta 2025 li a. Sa yo enkli pwopozisyon pou pwoteje konsomatè yo fè makèt sou entènèt, konbat pratik eksplwatasyon ak kontwole endistri k ap emèje yo.

"Nouyòkè yo bouke sibi anak nan frè ki kache yo, politik ki twò lou, konfizyon ti lèt ki konfonn moun ak pratik enjis," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Acha sou entènèt pi popilè pase tout tan, e nou bezwen mete ajou lwa nou yo pou reflete tan k ap chanje yo. Se poutèt sa m ap pwopoze pwoteksyon konsomatè ki pi enpòtan nan peyi a ki bay priyorite a dwa konsomatè yo epi ki kenbe lajan yo te touche byen di yo nan pòch Nouyòkè yo."

Avèk Nouyòkè yo ki kontinye santi enflasyon finansye a, Gouvènè Hochul te fè li priyorite pou l remèt plis lajan nan pòch fanmi yo – epi asire ke li rete la. Soti nan pran [frè bank predatè](#) rive nan siyen lejislasyon bon sans [ki pwoteje kont vòl done](#), Gouvènè Hochul te goumen pou konsomatè yo. Nan baze travay li sou defans konsomatè yo,

Gouvènè Hochul pwopoze politik ki pral asire Eta Nouyòk kapab dirije nan etabli pwoteksyon konsomatè bon sans, ki vyab ki pral pwoteje pòch yo epi ede fanmi yo avanse.

Inifòmize Retou 30 Jou ak Ranbousman

Konsomatè yo ap fè plis acha sou entènèt, fè plis retou, ak deplizanpli navige nan yon lanmè ki gen plizyè fenèt retou, frè pou tounen estoke, fòma ranbousman, pratik anbakman ak plis ankò. Nouyòkè yo, sitou pandan sezon fèt la, konnen ki jan li difisil pou manipile plizyè politik retou ki afekte lè yo ka voye tounen yon kado oswa echanje rad ki pa sèvi.

Avèk lavant komès elektwonik yo k ap ogmante ak retou yo ki reprezante plizyè milya dola chak ane, Nouyòkè yo merite pwoteksyon konsomatè ki pi solid. Gouvènè Hochul pwopoze lejislasyon ki mande pou vandè an detay yo ofri yon fenèt retou minimòm 30 jou pou divès pwodwi sòf si sa endike yon lòt jan. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la pral adapte pou biznis mwayen ak pi gwo yo epi li pral gen ladann egzansyon pou machandiz ki ka gate, pèsonalize, vant final, oswa lòt machandiz ki pa kalifye pou retounen. Inisyativ revolisyonè sa a pral etabli yon nouvo estanda pou dwa konsomatè yo epi fè acha sou entènèt pi jis ak pi fyab pou Nouyòkè yo.

Konbat Diskriminasyon Algorit Pri yo

Kòm konsomatè yo pase plis tan ak depanse lajan yo sou entènèt, yo ap pataje tou plis enfòmasyon tankou konpòtman navigasyon, kote, ak istorik acha avèk konpayi yo entèraji avèk yo. Pandan kèk konpayi istorikman chanje pri yo ki baze sou kondisyon mache ekstèn, teknoloji jodi a vle di kòporasyon yo kapab kolekte yon bann done pèsònèl, alimante li nan algorit, epi potansyèlman itilize sistèm sa yo pou jenere yon pri ki endividyèl pou yon konsomatè. Pratik sa a, ke FTC a te rele pri siveyans, ta ka retire konsomatè yo de kapasite yo pou konpare pri, planifye pri machandiz ak sèvis, epi nan kèk ka gendwa potansyèlman diskriminatwa.

Gouvènè Hochul pwopoze premye lejislasyon nan nasyon an ki mande pou biznis yo avèti achtè sou entènèt lè pri yo fikse dapre done pèsònèl yo. Pou asire konpayi yo pa fè diskriminasyon kont moun nan fason yo defini pri pwodwi yo, Gouvènè Hochul pral travay pou entèdi byen klè itilizasyon done klas ki pwoteje, ki gen ladan men ki pa limite a laj ak sèks, nan zafè fikse pri yo.

Ranfòse Pwoteksyon Kont Frè Bank Eksesif ak Frè pou Fon ki Pa Sifi

Frè bank eksesif ak fon ki pa sifi yo deranje Nouyòkè ki gen revni ba ak modere yo yon fason ki pa pwopòsyonèl. An novanm 2023, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki bay Department of Financial Services (Depatman Sèvis Finans) lan pouvwa pou kontwòle pratik frè abizif yo, ki gen ladan lòd peman pou chèk yo ak frè fon ki pa sifi yo.

Gouvènè Hochul pral mande Depatman Sèvis Finansye a pou l bay règleman ki vize pratik bankè eksplwatasyon pandan y ap prezève aksè a bon jan kalite sèvis bankè. Règleman sa yo pral entèdi frè predatè, limite kantite chaj eksesif chak jou yo, epi

amelyore transparans atravè notifikasyon alè. Mezi sa yo pral pwoteje konsomatè yo epi ankouraje sèvis bankè aksesib ak abòdab pou tout Nouyòkè yo.

Ranfòse Pwoteksyon Anilasyon Abònman ak Renouvèlman

Sèvis abònman yo se yon pati nan lavi chak jou men anile yo souvan konplike san nesite. Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki egzije biznis yo pou notifye konsomatè yo sou renouvèlman ki gen pou fè yo epi bay enstriksyon klè sou fason pou anile abònman yo. Pou plis pwoteje konsomatè yo, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon adisyonèl pou asire ke pwosesis anilasyon yo senp, transparan, ak jis, pou asire ke li fasil pou anile yon abònman menm jan li te ye pou enskri. Aksyon sa yo pral ranfòse angajman Nouyòk pou pwoteje dwa konsomatè yo ak anpeche pratik predatè yo.

Etabli Sipèvizyon Prè "Achte Kounye a, Peye Pita"

Prè "Achte Kounye a, Peye Pita" yo de pli zan pli popilè men yo reprezante risk pou konsomatè yo, tankou pwolongasyon eksef, rapò kredi ki pa koyeran, eksplwatasyon done ak frè eksef. Enkyetid sa yo mete aksan sou bezwen pou sipèvizyon pi fò nan sektè finansye sa a k ap grandi rapidman.

Gouvènè Hochul pwopoze lejislasyon pou etabli yon fondasyon lisans ak sipèvizyon pou founisè Achte Kounye a, Peye Pita. Inisyativ sa a pral entwodui garanti, tankou kondisyon divilgasyon, estanda rezolisyon diskisyon, limit frè reta, ak pwoteksyon konfidansyalite done pou asire konsomatè yo pi byen pwoteje lè yo itilize pwodwi finansye sa yo.

Kenbe Konpayi Sèvis Enèji yo Responsab pou Retou Lajan

Konpayi sèvis piblik yo dwe retounen lajan yo pa reklame yo bay rezidan Nouyòk yo, men [Konpayi Sèvis Enèji \(Energy Service Companies, ESCO\)](#) yo pa anba menm obligasyon an, sa ki kreye yon brèch ki fè lajan ki apateni de dwa a rezidan yo pa retounen jwenn yo. Pou rezoud sa, Gouvènè a pral pwopoze lejislasyon pou asire ESCO yo sijè a menm kondisyon ak konpayi sèvis piblik yo.

Konbat Eksplwatasyon Finansye Granmoun Aje yo

Chak ane, Ameriken ki pi aje yo pèdi plizyè milya dola nan magouy finansye ak eksplwatasyon. Kriminèl yo ap eseye twonpe granmoun aje Nouyòkè yo, sa ki ka vòlè yo ekonomi yo ak mwayen sekirite finansye yo.

Pou konbat eksplwatasyon finansye granmoun aje yo, Gouvènè Hochul pral chèche lejislasyon pou ede pwoteje kont aktivite fwod, lè li bay bank ak lòt enstitisyon plis otorite pou yo sispann sèten tranzaksyon ki sispèk epi mande pou fè lapolis ak Sèvis Pwoteksyon Adilt yo rapòte eksplwatasyon ak fwod yo sispèk yo. Y ap bay plis sipò pou pèmèt eta a devlope fòmasyon pou enstitisyon finansye yo sou fason pou wè eksplwatasyon finansye granmoun aje ak granmoun vilnerab yo pandan y ap pwoteje otonomi yo.

Sirentandan Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Adrienne Harris, te deklare, "Nouyòkè yo pa ta dwe sanksyone yon fason ki enjis poutèt yo itilize sèvis

tankou pwoteksyon frè eksefif ak pwodwi achte kounye a peye pita pou kouvri depans yo. Mwen fyè pou m travay avèk Gouvènè Hochul pou entèdi frè eksefif ki twonpe epi asire konpayi Achte Kounye a Peyè Pita yo pa opere ankò nan eta a san regleman."

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la Rory M. Christian, te deklare, "Mwen aplodi efò Gouvènè Hochul kontinye ap fè pou ede konsomatè yo nan Eta Nouyòk yo, e nouvo aksyon sa a pou kenbe konpayi sèvis enèji yo responsab anvè kliyan yo se yon gwo etap nan direksyon sa."

Sekretè Deta New York la, Walter T. Mosley, te deklare, "Nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a, nou travay di pou pwoteje konsomatè yo pou yo pa pwofite de yo anvan, pandan ak apre yon acha nan magazen oswa sou entènèt. Nou bat bravo pou pwopozisyon Gouvènè Hochul fè pou ranfòse lwa ki pral rann aktè ki malonèt yo responsab epi ki pral defann konsomatè Nouyòk yo sou mache a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)